# «Ралли Мойнақ – 2021» автомобильлер жарысына старт берилди

Алдын хабар бергенимиздей, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Министрлер Кеңеси, Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасы ҳәм Өзбекстан қорғаныўға көмеклесиўши «Ватанпарвар» шөлкеми менен биргеликте усы жылдың 18-20-июнь күнлери Мойнақ районында «Ралли Мойнақ – 2021» автомобиль спорты жарыслары шөлкемлестирилмекте.

Image not found or type unknown

Бас Прокуратураның хабар бериўинше, жарысларға 51 автомобиль экипажы, 15 мотоцикл, 10 баггиде улыўма 127 спортшы қатнаспақта.

Image not found or type unknown

Бүгин, 18-июнь күни раллидиң салтанатлы ашылыўы болып өтти. Ашылыў мәресимине Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары Р.Зарикеев қатнасып барлық спортшыларға әўмет тиледи ҳәм жарысларға старт берилди.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

**Қарақалпақстан хабар агентлиги.**